# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 अक्टूबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

चीन के हांगचोओ में हो रहल एशियाई खेलन में सुरूआती तेरह दिन में पंचानबे पदक हासिल करे वाला भारत चउदहवां दिन सौ क जादुई आंकड़ा छुवलस अउर पुरान सज्जो रेकार्ड तूरि दिहलस। एशियाई खेलन क इतिहास में भारत पहिली बेरि पदक क सतक लगवले हौ। भारत के झोली में आजु सबेरे पांच पदक आइलं कम्पाउंड तिरंदाजी में ज्योति सुरेखा वेन्नम अउर ओजस देवतले स्वर्ण पदक जितलें। ओहीं, महिला कबड्डी टीमियो स्वर्ण पदक जितले में सफल रहल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एशियाई खेलन में येह ऐतिहासिक परदरसन बदे भारतीय एथलीट लोगिन के बधाई दिहले हवें। सोसल मीडिया क एगो पोस्ट में उहां के कहलीं कि येह एशियाई खेलन में भारत बदे एगो यादगार उपलब्धी हौ। श्री मोदी कहलें कि सौ पदक क खास उपलब्धी हासिल करे पर सज्जो देसवासी रोमांचित हउवें। उहां के कहलीं कि हर असाधारण परदरसन इतिहास रचले हौ अउर भारतीय लोगिन में गर्व क भावना पैदा कइले हौ। श्री मोदी कहलें कि एशियाई खेलन में सामिल भारतीय दल से मंगर के भेंटि करबि। ओहर, राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू भी भारतीय खेलाड़ियन के बधाई दिहले हइनि। सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट में राष्ट्रपति कहलिनि कि प्रतियोगिता में खेलाड़ी लोगि पूरा क्षमता अउर कौसल क परदरसन कइलें अउर देस के उन पर गर्व हौ।

**********

सडक परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी बसन के ढांचा क निरमाण बदे मानकन क मंजूरी दे दिहले हवें। ई मानक मूल उपकरण निरमाता अउर बस ढांचा बिल्डर दुन्नो पर समान रूप से लागू होई। श्री गड़करी कहलें कि ई कदम भारत में बसन क गुणवत्ता में अउरियो सुधार क राहि प्रसस्त करी। एहमन यात्री सुरक्षा सुनिस्चित करे पर सबसे पहिले धियान दीहल जाई। उहां के कहलीं कि बस दुरघटना क बढ़ि रहल संख्या के देखि के येह कदम क सख्त जरूरति हौ।

**********

केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कहलें हवें कि त्वरित कार्रवाई बल– आरएएफ, कानून–व्यवस्था क हालति से निपटे क आपन अनूठा ताकति अउर जोग्यता के नाते एगो बेहतरीन बल बनि गइल हौ। श्री राय आजु नई दिल्ली में बल क एकतीसवां स्थापना दिवस समारोह में कहलें कि देस–बिदेस से मिलल कड़ेर प्रसिक्षण के बदौलति आरएएफ भीड़ि अउर दंगा से निपटले में सक्षम हौ। उहां के कहलीं कि आरएएफ जम्मू कश्मीर, मणिपुर अउर नूंह में हिंसा घटना से निपटले में आपन कुसलता क परिचय दिहले हौ।

**********

बनारस में अपने छात्रन अउर सोध करता लोगिन बदे विकास अउर उत्कृस्टता क नया रास्ता खोले खातिर प्रतिस्ठित संस्थानन के साथे सहजोग करे क आपन प्रतिबद्धता के हिसाबि से, बनारस हिंदू विश्वविद्यालय, भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान, मद्रास के साथे एगो समझौता ज्ञापन पर दस्खति कइले हौ। बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय क कुलपति प्रोफेसर सुधीर कुमार जैन अउर आईआईटी–मद्रास क निदेसक प्रोफेसर वी. कामकोटि क दस्खति कइल समझौता ज्ञापन दुन्नो संस्थानन के बिच्चे औपचारिक बातचीत अउर सहजोग क सुविधा प्रदान करी। येह समझौता ज्ञापन क सर्त के हिसाबि से दुन्नो संस्थान सोध क आदान–प्रदान कइ सके लें। एक दुसरे क अनुसंधानिक गतिविधियन में मददि करिहें। ई समझौता ज्ञापन संकाय सदस्यन के दूसरे संस्थान में रहले अउर अनुसंधान करे क सुविधो प्रदान करी।

**********

प्रदेस सरकार बनारस में मंदिर के स्वरूप में एगो अउरियो भवन क निरमाण करावे जा रहलि हौ। येह बिल्डिंग में एकीकृत मंडलीय कार्यालय होई। कॉरपोरेट कार्यालय के तरियन ई अत्याधुनिक बिल्डिंग कमिस्नरी हाता में प्रस्तावित हौ। सरकारी कार्यालयन के सथहीं भवन में कुछु जरूरी ब्यौसायिक गतिविधियनो बदे जगहि रही । बनारस विकास प्राधिकरण क उपाध्यक्ष अभिषेक गोयल बतवलें कि करीब छौ दसमलव पांच एकड़ में दस–दस मंजिल क टावर प्रस्तावित हौ। भवन में मंडलीय स्तर क करीब ओन्सठ कार्यालय होई।

**********

भारतीय वायु सेना बिहने यानी आठ अक्टूबर के आपन एक्यानबेवीं सालिगिरह मनाई। प्रयागराज में वायुसेना काल्हि एगो फुल ड्रेस रिहर्सल कइलस। परेड केन्द्रीय वायु कमान मुख्यालय बमरौली में आयोजित कइल गइल अउर संगम क्षेत्र में आयुध डिपो किला के लग्गे एयर सो क आयोजन कइल गइल। रिहर्सल के समय आठ हजार फिट क ऊंचाई से ए–32 विमान से दस पैरा जम्पर्स उतरलें।

**********

पूर्वोत्तर रेलवे क गोरखपुर–लखनऊ रेलमार्ग पर सात से पचीस अक्टूबर ले कई तिथियन में बावन ट्रेन निरस्त रही अउर तेइस ट्रेनन के मनकापुर–अजोध्या–बाराबंकी के रेलमार्ग से चलावल जाई। नौ ट्रेन बिलम्बित रही अउर छौ गो रस्ता में रोकि के चलावलि जाई। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जन–सम्पर्क अधिकारी के हिसाबि से बुढ़वल–सुढ़िया मऊ स्टेसन के बिच्चे रेल लाइनि के दोहरीकरण क कार पूरा हो चुकल हौ। दोहरी लाइनि के चालू करे बदे सात से पनरह अक्टूबर ले प्री–नॉन इण्टरलॉकिंग अउर सोरह से ओन्नइस अक्टूबर ले नॉन इण्टरलॉकिंग कइल जाई।

**********